Andikap an Ayiti

Frédéric REICHHART

Professeur des universités en sociologie à l'Institut national supérieur de formation et de recherche pour l'éducation inclusive (INSEI) en France, membre du Groupe de recherche sur le handicap, l'accessibilité, les pratiques éducatives et scolaires (Grhapes, UR 7287)

La compréhension du handicap nécessite de le considérer en tant qu'objet d'étude pouvant être appréhendé de plusieurs manières ; d'un point de vue médical et biofonctionnel, le handicap renvoie au corps et à son dysfonctionnement ; sous la figure péjorative et dégradante du kokobé (Lomo et Reichhart, 2020), il se réfère à des aspects déficitaires illustrés par la déficience, la limitation des capacités fonctionnelles et la difficulté dans la réalisation d'activités. Mais il convient aussi de l'appréhender dans une dimension anthropologique, en tant que production culturelle (Reichhart et Lomo, 2020) ; le handicap devient alors une catégorie construite et une réalité sociale cristallisant des valeurs et des représentations, qui elles-mêmes déterminent des attitudes et pratiques. Ces dernières constituent une fenêtre sur la signification du handicap, reflétant la place accordée à la personne handicapée au sein de la société. Partant de ce postulat, le handicap peut être abordé comme le réceptacle de jugements, d'une manière de voir le monde et les autres, de concevoir un vivre ensemble incarné par des pratiques sociales se manifestant diversement par le rejet, la mise à l'écart, la diabolisation ou encore la sacralisation voire divinisation.

> *« An Ayiti, gen anpil moun kap viv avèk yon andikap. Poutèt yo fè pati de youn nan branch ki pi vilnerab nan sosyete a, epi yo pa benefisye jwisans dwa yo, kategori sa a konstitye youn nan gwoup ki pi majinalize »*
> Résil, 2022

Ant lanmè karayib yo ak loseyan atlantik la, kache sou bò oksidantal lil Ispanyola a ak vwazen repiblik dominikèn lan, Repiblik Ayiti okipe yon sipèfisi ki preske egal ak 28 000 km^2. 11 milyon abitan li yo, repati nan 10 depatman administratif, benyen nan yon sekretism relijye ki anbrase pa yon kilti kreyòl pwofon. Jewografikman, popilasyon sa a plis konsantre li nan gwo sant vil yo tankou kapital Pòtoprens, lese tonbe zòn andeyò yo. Depi indepandans li nan lane 1804, peyi a ap fè fas ak yon sitiyasyon politik

ki kontinye yonn apre lòt ak rejim otoritè ak gouvènman « aloufa » (Charles, 1994) ki gangrennen pou anpil tan lavi ayisyen yo chak jou. Enstabilite politik sa a ranfòse inegalite sosyal ak ekonomik yo, ensekirite ak vyolans. An menm tan ak kriz politik sa yo, Ayiti te konnen anpil katastwòf natirèl (tanbleman tè, siklòn, inondasyon, elatriye.) se konsa ke anpil epidemi ki toufe politik devlopman ekonomik yo epi ki pa bay souf menm ak yon popilasyon kap lite pou li ka egziste. Nan konteks sa a, sitiyasyon ekonomik la vin difisil anpil ; dapre sous bank mondyal, avèk yon pwodwi enteryè brit pa abitan 1815 USD nan lane 2021 ak yon enflasyon anviron 25% nan lane 2022, Ayiti fè pati peyi ki pi pòv yo nan mond lan. Dayè, daprè endis devlopman ke òganizasyon nasyon ini yo (ONU) yo founi, li klase nan lane 2020 nan 170è plas sou yon total de 189 peyi. Konesans ak konsiderasyon ki fèt nan kontèks sosyal, kiltirèl, politik ak ekonomik rete esansyèl pou abòde men sitou konprann anpèchman ki genyen Ayiti a epi fason yo wè ak trete moun andikape yo. Konpreyansyon sa a nesesite pou konsidere andikap la tankou yon objè etid ki kapab apreyande plizè fason ; sou plan medikal ak biyofonksyonèl, andikap la gen rapò ak kò epi ak jan l fonksyone ; Sou figi pejorativ ak degradan kokobe a (Lomo et Reichhart, 2020), li refere li ak de aspè defisitè ki ilistre pa diferans, limitasyon kapasite fonksyonèl yo ak difikilte nan reyalizasyon aktivite yo. Men li ta dwe apreyande andikap la tou, nan yon dimansyon antwopolojik, an tan ke pwodiksyon sosyal ak kiltirèl (Reichhart et Lomo, 2020) ; a pati de kontèks global sa a kote li sitiye li a, alò li enkane yon objè kap evolye, ki varyab daprè sosyete yo (Stiker, 2005) ; nan sans sa a, andikap la vin yon kategori ki konstwi ak yon reyalite sosyal ki kristalize yon seri valè ak reprezantasyon, ke yo detèmine yo menm yon seri atitid ak pratik. Dènye sa yo konstitye yon fenèt sou siyifikasyon andikap la, ki reflete plas yo bay ak moun andikape nan mitan sosyete a (Reichhart et Lomo, 2020) ; lè nou chita sou postila sa a, andikap la kapab abòde tankou yon kannari chaje valè ak jijman, yon fason pou wè mond lan ak lòt yo, pou konsevwa yon viv ansanm ki enkane pratik sosyal ki manifeste divèsman pa rejè, miz aleka, dyabolizasyon ou ankò sakralizasyon ale wè divinizasyon…

Se nan pèspektiv sa a ke nou pwopoze tou dabò kesyone konstriksyon sosyal andikap la an Ayiti ak yon lòt bò analize, pa mwayen kondisyon sosyal, politik, ekonomik ak kiltirèl ayisyen yo, elaborasyon reprezantasyon andikap la ak fondman ideyolojik li yo an menm tan trètman sosyal ke moun andikape yo benefisye. Sa ap pèmèt nou obsève alafwa – ak yon nivo makwo-evolisyon ak devlopman politik piblik yo, pil enstriman jiridik ak aplikasyon yo, – nan yon nivo mwayen- aksyon yo ak angajman aktè enstitisyonèl ak asyosyatif (nasyonal ak entenasyonal)- ak yon nivo mikwo- fasilitatè yo oubyen fren yo nan patisipasyon sosyal la oubyen yon fason ki pi jeneral lavi chak jou moun andikape yo.

An Ayiti, andikap la sanble pa ni vizib, ni egziste ; li souvan kache diskrètman nan kè fanmi an, nan yon sosyete kominotè ki enpoze brikolaj yon seri fo estrateji pou egziste endividyèlman. Ta va sanble ke yo pa abòde sijè sa a ni sou sa ki gen pou wè ak moun, ni nan domèn eksperyansyèl, estatistik ak akademik. Nan yon premye tan, tankou jounal ayisyen Nouvelis la relatel, « *Moun andikape yo fè pati moun yo bliye yo nan sosyete ayisyen an. Mòd konstriksyon laplipa biwo piblik ak prive yo, mòd okipasyon lari nou yo, transpò an komen nou yo se prèv la* » (Nouvelliste, 2021). Moun sa yo fè objè de yon regilasyon sosyal ki konbine non sèlman envizibilite men

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703

tou majinalite : « *Viktim souvan de diskriminasyon, youn nan mal moun sa yo soufri plis se majinilizasyon sitou lè yap chache travay* » (Résil, 2022). Nan yon lòt tan, ti kantite etid kalitativ ak kantitativ ki konsakre yo ak sijè sa a yo pa tèlman difize e yo pa byen eksplwate yo ; An patikilye se ka rapò Òganizasyon ki pa nan Gouvènman yo (ONG), atik yo ki pibliye nan jounal chak jou, travay inivèsitè tankou memwa yo ak tèz yo pafwa, atik syantifik yo, malgre y opa anpil, men yo tout patisipe nan dèskripsyon ak ekleraj sitiyasyon moun andikape yo.

Pou konfwonte ak fè evolye jan de konesans sa yo sou andikap an Ayiti, liv sa a pwopoze yon apwòch ak plizyè disiplin : yonn nan apwòch yo devwale korèkteman yon ensifizans ki dwe konble nan mobilize apò plizyè disiplin tankou antwopoloji, sikoloji, istwa, syans politik, jiridik, ledikasyon, etc.

Ajoute ak sa, travay sa a konbine rega teyorik ak konseptyèl chèchè yo (inivèsitè, doktè, doktoran) ak konesans anpirik aktè tèren yo : kalite ak kwazman travay rechèch sa yo, etid kèk ka, meta-analiz, eksperyans tèren kontribye pou desine eta andikap la an Ayiti ; yon fason ki pi klè, li entèrese ak estriktirasyon ak konpozisyon peyizaj enstitisyonèl andikap la : nan yon pèspektiv sosyoistorik, liv sa a montre devlopman yon kad legal ki pa reyisi aplike menm jan ak angajman anpil aktè, ki gen mak fabrik zèv konfesyonèl ak rezilyans silansyèz fanmi yo pou fè fas ak eprèv andikap la. Li mete tou an egzèg doub diskriminasyon ke fanm andikape yo viv menm jan ak vi entim paran ak pwòch yo ki twouve yo boulvèse. Anfen, li pote atansyon ak difikilte aksè yo nan lekòl, nan travay men tou nan lavi demokratik ak pwosesis elektoral.

Published in : REICHHART, Fréderic ; LOMO MYAZHIOM, Aggée Célestin (dir.), *Handicap et société. Perspectives socio-anthropologiques en Haïti*, Editions des archives contemporaines, ISBN : 9782813004703, doi : 10.17184/eac.9782813004703